1. Sej umum (nasional
2. Pengaruh asing
3 Perdesaan
4 keragka karya/Tema.

I Sanjaya = bagian utara: Hindu
Syailendra: jateng selatan: Budha

Prasasti Canggal

732 M: Candi Gn Wukir berdasar prasasti Canggal, kadiluwih, Salam - Magelang

Pakai Pikatan. Loro Jonggrang.

Syailendra
Samaratungga : Borobudur
Indra Mendut.
Pawon

PUSTAKA-WARA

PRATÉLAN RINGKES KAPUSTAKAN DJAWA.

A. DJAWA-KUNA

I. MATARAM I

Çailéndra 778 : 1. Candakarana
a. Bausastra Sansekrit-Djkuno.
b. Pasinaon tembang Kekawin.

Balitung 908 : 2. Ramayana (Rama Sinta) K(=Kekawin)

II. MEDANG

Sindok 929-947 : 3. Kamahayanikan (Agama Mahayana) ✓ G(=Gantjaran)

4. Brahmandapurana (Agama Çiwa) ✓ G

5. Agastyaparwa (Swarga-neraka) G

Dharma-wangça 990-1007 : 6. Uttarakanda (Lelakoné Sinta) G

7. Mahabharata
18 parwa

I. Adiparwa (kawin/lairé-an) G
II. Sabhaparwa (Pandawa dadu) G
III. Wanawasaparwa (Pandawa-kabuwang) G
IV. Wiratаparwa (Pandawa ngèngèr) G
V. Udyogaparwa (Kresna gugah) G
VI. Bhismaparwa (Bisma madeg Sénapati) G
VII. Dronaparwa (Drona madeg Sénapati) G
VIII. Karnaparwa (Karna madeg Sénapati) G
IX. Salyaparwa (Salija madeg Sénapati) G
X. Gadaparwa (Bima perang tanding) G

XI. Açwathamaparwa (Aswatama mradja-ja Srikandi lan Drestadjumena) G

XII. Stripralapaparwa (Para wanita pada susah) G

XIII. Çantikaparwa G

Çasaçaparwa (Wedjangané Bisma) G

XIV. Açwamedaparwa (Sesadji djaran) G

XV. Açramawasaparwa (Drestarastra dedunung ing alas) G

XVI. Mausalaparwa (Tjuresé darah Wresni lan Jadu) G

XVII. Prasthanikaparwa (Pandawa nemahi pati) G

XVIII. Swargarohanaparwa (Pandawa munggah swarga) G

8. Kunjarakarna (Kundjarakarna ruwat) G

ERLANGGA 1019-1045 : 9. Arjunawiwaha - mpu Kanwa (Ardjuna tapa) K

III. KEDIRI

Warsadjaja ± 1104 : 10. Kresnayana-mpu Triguna (Kresna-Rukmini) K

11. Sumanasantaka (Lairé Dasarata) K

Kameçwara I: 1115-1130 : 12. Smaradahana-mpu Dharmadja (Kamadjaja-Ratih nitis) K

13. Bhomakawya-mpu Dharmadja (Patiné Boma) K

Djajabaja 1130-1160 : 14. Bharatayudha-mpu Sedah-Panuluh (Perangé darah Barata) K

15. Hariwangça-mpu Panuluh (Kresna daup) K

16. Gatotkacaçraya-mpu Panuluh (Abimanju daup karo St.Sundari) K



17. Wrtasancaya-mpu Tanakung (Piwulang tembang Kekawin) K

Ken Arok 1222-1227 (Singasari) : 18. Lubdhaka-mpu Tanakung (Germa bisa munggah swarga) K

19. Brahmandapurana (Agama Çiwa) K

20. Kunjarakarna (Kundjarakarna ruwat) K

IV. MADJAPAIT Hajam Wuruk 1350-1389 : 21. Nagarakrtagama-mpu Prapanca (Sedjarah Madjapait) K

22. Arjunawijaya-mpu Tantular (Perangé Ardjunasasra karo Dasamuka) K

23. Sutasoma (Sutasoma ambek éklasan gawé simaning ambek angkara) K

24. Parthayadnya (Ardjuna mangkat tapa) K

25. Niticastra (Piwulang warna-warna) K

26. Nirarthaprakreta (Ngèlmu-tuwa) K

27. Dharmaçunya ( Mystiek Meru) K

28. Hariçraya (Wisnu mbantu bt. Indra) K

B. DJAWA-TENGAHAN

29. Tantu Panggelaran (Isèn2 tanah Djawa) G

30. Tjalon Arang (Tjalon Arang teluk karo mpu Baradah) G

31. Tantri Kamandaka — G
(Dongèng kéwan lan Aridarma)

32. Korawaçrama — G
(Korawa arep males ukum)

33. Pararaton — G
(Tjarita Ken Arok/R.Widjaja)

34. Déwarutji — Tembang Gedé
(Bima kawedjang déning Déwarutji).

35. Sudamala — Kidung
(Sadéwa ngruwat bt. Durga)

36. Kidung Subrata — Kid.
(Kasampurnaning ngaurip)

37. Pandji Angrèni — Kid.
(Pandji nggarwa dèwi Angrèni)

38. Sri Tandjung — Kid.
(Lelakoné Sri Tandjung)

C. DJAWA-ANTARA

Djaman Islam

V. DEMAK(ISLAM) :

39. Het boek v. Bonang — G
(Agama Islam, Pangéran mung sidji)

40. Een Javaans Geschrift uit de 16e eeuw. (Bab agama Islam, asih ing Pangéran, asih ing Nabi lsp). — G

41. Suluk Sukarsa — Tb. (Çloka)
(Mystiek Islam)

42. Kodja-djadjahan — Tb. (Dandanggula)
(Lelakoné patih Kodja-djadjahan)



VI. MATARAM II
Sida Krapyak
1601-1613 :

43. Suluk Wudjil — Tb.
(Wedjangané Sn.Bonang marang Wudjil bab ngèlmu tuwa).

44. Suluk Malang-sumirang. S Sn.Panggung (Demak). — Tb.
(Kawruh kasampurnaan ).

45. Nitisruti - Karanggajam. — Tb.
(Piwulang betjik lan mystiek)

46. Nitipradja - Slt.Agung — Tb.
(Ulah pradja)

47. Sastragending - Slt.Agung — Tb.
(mystiek)

Amangkurat II
1677-1703

48. Séwaka — Tb.
(Tjarané wong ngèngèr)

VII. KARTASURA
P.B.I.
1703-1719 :

49. Ménak - Ki Tjarik Narawita — Tb.
(Wong Agung Ménak karo Prabu Nurséwan)

50. Rengganis — Tb.
(Lelakoné dèwi Rengganis karo P.Kélan)

51. Manik-maja - Kartamursadah — Tb.
(Dumadining donja sakawit lan dongèng warna2 hjang Wi-sésa, bt.Guru, Semar tekan Adjisaka)

52. Ambija — Tb.
(Gusti Allah nitahaké donja, Adam lan Kawa, tjarita para nabi)

53. Kanda — Tb.
(Tjarita wiwit N.Adam lan wajang Sepuh-sepuhan)

D. DJAWA-ANJAR

VIII. SURAKARTA : Djuru ngarang lan jejasané lajang2:

P.B.III: 1749-1788 :54. Mintaraga (Ardjuna tapa) Tb.

Jasadipura I :55. Déwarutji
(Bima ngupaja pawitra sutjining urip)
56. Nitisastra (piwulang) Tb.
57. Tadjusalatin (piwulang ratu) Tb.
58. Tjebolèk (piwulang agama)
59. Ambija (dumadining donja) Tb.
60. Babad Gijanti (pamaroné Mataram dadi Surakarta lan Ngajogyakarta)
61. Babad Prajut Tb.
(Tjorok-tjinorok lemah bawah Ngajogya lan Surakarta)
62. Babad Pakepung Tb.
(Surakarta kakepung barisan saka Ngajogya, Gupermèn lan M.N.)
63. Wiwaha Djarwa (Mintaraga) Tb.
64. Lajang Rama (Tjarita Rama-Sinta) Tb.
65. Bratajuda Tb.
(Perangé Pandawa-Kurawa)
66. Ménak (Tjaritané Wong Agung Ménak) Tb.

Jasadipura II: 67. Panitisastra ) piwulang Tb.
68. Sasana Sunu )
69. Witjara keras Tb.
70. Ardjunasastra Tb.
71. Kawi Dasanama G.
(tembung2 Kawi)

P.B.IV. 1788-1820
72. Wulangrèh (piwulang) Tb.
73. Wulang sunu ( " ) Tb.



P.B.V. 1820-1823
Pembantu : Jasadipura II Ranggatrasna
: 74. Tjentini (Encyclopedie Djw) Tb.

Sindusastra + 1829 : (P.B. VI - P.B. VII).
75. Ardjunasasrabau Tb.
76. Partakrama Tb.
77. Srikandi Maguru Manah Tb.
78. Sombadra Larung Tb.
79. Tjèkèl Wanèngpati Tb.

Kusumadilaga : (P.B. VI - P.B. VII)
80. Djagal Bilawa )
81. Linggapura ) lakon wajang
82. Semar djantur )
83. Kartawijoga maling )
84. Piwulang Dalang Sastramiruda G

Ranggawarsita 1802-1874
85. Paramajoga (Tjarita Adam lan déwa2) G
86. Djitapsara (Tjarita kaja Paramajoga) G (Tb)
87. Pustakaradja (Tjarita lakon wajang) G
88. Kalatida ) wawasan djaman rubéda. Pametja bab djaman tata tentrem. Pametja lan priksa bakal sédané Tb.
89. Sabdatama ) Tb.
90. Sabdadjati ) Tb.
91. Djaka Lodang (Pametjané Djk.Lod. tumrap tanah Djawa) Tb.
92. Hidajat djati (kawruh kasampurnan) Tb.
93. Tjemporèt (Dongèngé Djakapramana daup karo dèwi Suretna) Tb.
94. Adji Pamasa (Tjarita Prabu Adji Pamasa ing Mamenang) Tb.

95. Witaradya (Prabu Adji Pamasa pindah Pengging) Tb.

**MANGKUNEGARAN IV : 1858-1881**

96. Wédatama (piwulang lair batin) Tb.
97. Wirawijata (piwulang marang para pradjurit) Tb.
98. Tripama (tulada tetelu) Tb.
99. Najakawara (piwulang marang punggawa pradja) Tb.
100. Warajagnja (tjaraning palakrama) Tb.
101. Tjandrarini (Tetuladan wanita utama) Tb.
102. Salokatama (pangruwaté dosa) Tb.
103. Pandji Wulung (Lelakoné Pandji Wulung) Tb.
104. Rerepèn (Pamalad sih mawa wangsalan) Tb.
105. Lajang iber (Lajang kiriman nganggo tembang) Tb.

**Ki Mangunwidjaja 1845-1915**

(Tilas Wedana Bajat)

106. Pati Tjentini } kawruh kasampurnan Tb.
107. Kridasastra } kawruh kasampurnan Tb.
108. Djiwandana } kawruh kasampurnan Tb.
109. Waraséwaja (piwulang marang botjah2)
110. Gita-Gati (Lelakoné Sugita lan Sugati) G
111. Trilaksita (Tulada nista madya utama) G
112. Purwakanti (Kagunan purwa - kanti) G

**Ki Padmasusastra 1842 - 1926** (1840.)

(Tilas abdidalem panèwu garap)

113. Tatatjara G
114. Paramabasa (piwulang paramasastra) G
115. Warnabasa (unggah-ungguh) G
116. Pati-basa (pilah2ing tegesé tembung2) G



117. Subasita (tatakrama) G
118. Rangsang Tuban (Dongèng, djeneng2 nganggo dasanamané banju) G
119. Kandabumi (Dongèng, djeneng2 nganggo dasanamané lemah) G
120. Prabangkara (Dongèng mawa dasanamané geni) G
121. Kantjil tanpa sekar (dongèng kantjil) G
122. Urap-sari (bab basa lan tatakrama) G

**R. Sasrasuganda**

123. Sakuntala (Lelakoné prabu Dusanta) G
124. Kekésahan dateng Rio (Pangalamané R. Sasrasuganda) G
125. Judagama (Perang agama ing Israil) G
126. Bausastra : Mlaju - Djawi

**K.R.T. Tandanagara** (R.Djajawigata= R.Ng.Reksadipradja= R.T.Suradipura)

127. Salisir marèng Tenggarèng (ngrumpaka kaanané akasa) Tb.
128. Djakalodang (Ketèk oglèng) Tb.
129. Baruklinting (dòngèng) Tb.

**Ki Jasawidagda** (sédané : Pebruari 1958)

130. Djarot (lelabuhané Djarot) G
131. Kirti ndjundjung dradjat (Lelakoné Darba bisa dadi wong kang murakabi tumrap bebrajan) G
132. Peti wasijat (Kartala mbélani wong tuwané) G
133. Mitradarma (Lelakoné Sangkan karo Paran) G
134. Sasana-Sastra (Tjampur bawur) G

**R.B. Sulardi**

135. Serat Rijanta (Lelakoné Rm.Rijanta karo Ra.Srini) G

## M I R U N G G A N

**B A U S A S T R A :**

1. Oud-Javaansch-Nederlandsche Woordenlijst. (Bausastra Djawa-kuna-Walanda) Dr.H.H.Juynboll. 1923.

2. Javaansch-Nederlandsch Handwoordenboek.
(Bausastra Djawa-Walanda, aksara Djawa)
J.F.C.Gericke/T.Roorda. 1901.

3. Kawi-Javaansch Woordenboek.
(Bausastra Kawi-Djawa aksara Djawa)
C.F.Winter Sr. 1880.

4. Bausastra Djawa
W.J.S. Poerwadarminta.1939.

BUKU-BUKU PASINAON LAN WATJAN.

1. Beschrijving der handschriften.
(Wawasan lajang Ménak)
R.M.Ng.Dr.Poerbatjaraka.1940.

2. Inleiding tot de studie van het Oud-Javaansch
(pasinaon basa Djawa-kuna)
C.C. Berg. 1928.

3. De Taal van het Adiparwa.
(pasinaon paramasastra Djawa-Kuna)
Dr.P.J.Zoetmulder.1950.

4. Saloka akalijan paribasan.
(aksara Djawa)
C.F. Winter Sr. 1928.

5. Babad Pandawa (aksara Djawa)
J.Kats.1917.

6. Javaansche Spraakkunst.
(Paramasastra)
H.N.Kiliaan.1919.

7. Kapustakan Djawi.
Prof.Dr.Poerbatjaraka.

8. Patokaning njekaraken (aksara Djawa)
Mas Hardjawiraga 1926.

9. Saridin (Patjalaton bab warna-warna).
(aksara Djawa)
C.F.Winter Sr. 1907.



10. Kusumawicitra. Bloemlezing.
(watjan Djawa-Kuna)
J.Kats. 1925.

11. Javaansch Leesboek (Watjan Djawa)
Dr.M.Prijohoetomo.1937.

12. Sarwaçāstra I, II, III.
Ki Hadiwidjana R.D.S. 1952.

13. Sastra Gita Witjara I, II (aksara Djawa)
Ki Hadiwidjana.1953.

14. Kenjaman (Djawa/Latin)
Mas Samoed Sastrowardojo.

-0-

## ISINÉ BUKU2 (ringkes).

1. Chandakarana: Djawa-kuna (Djk.) Gantjaran
   1. Djaman: Trah Çailendra : Pañcapana t. 778 (Mataram I).
   2. Djuru ngarang : -
   3. Isi : a. Piwulang tembang kekawin. (guru lan lagu).
      b. Bausastra Skrt - Djkuna kaja déné Kawi Dasanama. (Jasadipuran II ?)
   4. Minangka garané para djuru ngarang ing djaman kuna.

2. Rāmāyana Djkuna. Kekawin
   1. Djaman: Balitung t. 908. (Mataram I).
   2. Djuru ngarang: ora kasumurupan.
   3. Isi : a. Balakanda:
      Tjilikané Rama.
      b. Ayodhyakanda :
      Rama sawisé daup, bandjur dedunung ing Ayodhya.
      c. Aranyakakanda :
      Rama-Sinta (Leksmana) dedunung ing alas, wasana Sinta katjidra ing Rahwana-radja.
      d. Kiskenda-kanda :
      Rama minta-sraja marang Sugriwa ing guwa Kiskenda.
      e. Sundarā-kanda :
      Sinta ing tāman-soka ditemoni Anoman.
      f. Yuddha-kanda :
      Perangé Rama mbedah nagara Ngalengka. (patiné Dasamuka).
      Sinta kabojong, lestari balèn daup.
   4. Rāmāyana Skrt-Walmiki, isiné 7 kanda : wuwuhané aran : Uttarakanda. (lelakoné Sinta pinudju ngandeg katundung manggon ing pratapan, peputra kembar : Kusa lan Lawa, nganti tumekané ka-akeb ing bumi).
   5. Rāmāyana Djk. dudu petikan saka Rāmāyana-Walmiki. Katjitakaké mawa aks.Djawa déning Prof. H. Kern.



3. Kamahāyanikan : Djk. Gantjaran
   1. Djaman : Mpu Sindok (929-947) ing Mèdang-Kahuripan.
   2. Djuru ngarang : -
   3. Isi : a. Wulang-wuruk bab agama Budha Mahāyana.
      b. Déwa2 ing agama Budha.
      c. Tuntunan semadi.
   4. Katjitakaké aks.Latin déning J.Kats.

4. Brahmandapurana : Djk. Gantjaran
   1. Djaman : (Barakané lajang Kamahāyanikan).
   2. Djuru ngarang : -
   3. Isi : a. Wulang-wuruk bab agama Siwah.
      b. Kawruh dumadining donja lan tumedaké para Manu.
      c. Tjatur-warna, tjatur yoga, bab asrama, lakuning srengéngé lan bab lintang2 lsp.
   4. Katjitakaké mawa aks.Latin déning Prof.Gonda.

5. Agastyaparwa : Djk. Gantjaran
   1. Djaman : mèmper karo Brahmandapurana.
   2. Djuru ngarang : -
   3. Isi : a. Sang Dredhasyu matur marang ramané : bagawan Agastya bab swarga lan naraka, bab warna2-ning ala sarta kawusanané.
   4. Katjitakaké mawa aks.Latin d.Prof.Dr.J.Gonda.

6. Uttarakanda : Djk. Gantjaran
   1. Djamān : Pr.Dharmawangça t. 991-1007 ing Mèdang - Kahuripan.
   2. Djuru ngarang : -
   3. Isi : a. Leluhuré Dasamuka.
      b. Lairé Dasamuka sarta anggoné tjluntangan.
      c. Tjaritané Ardjunasasrabau.
      d. Lelakoné Sinta (baku) ana ing pratapan, amarga katundung, bandjur peputra kembar: Kusa lan Lawā, wasana ka-akeb ing bumi. Rama séda ngenes.
   4. Dadi péranganing Ramayana-Walmiki sing pungkasan.

7. Mahābhārata : Djk. Gantjaran
   1. Djaman : Pr.Dharmawangça 990-1007.
   2. Djuru ngarang : -

3. Isi : a. 18 parwa.
   (ndelenga peprintjèn urut2an ing ngisor).
   b. Bakuning isiné: Perang Bratajuda.
4. Mahabharata Skrt - Çloka.
   a. Karanganè Wyasa.
   b. 100.000 çloka.
5. Mahabharata Dja. Gantjaran
6. Mahabharata Kawedar Dja. Gantjaran
   (Resi Wahana).

I. Adiparwa : Djk. Gantjaran
   1. Bab krama lan lair.
   2. " sarasilah (turuné Puruwangsa).
   3. " paguron.
   4. " Samudramanthana.
   5. " Garuda.
   6. " sesadji.
   7. " Jatugrha (Balé sigala-gala).
   8. " Pariksit lsp.

II. Sabhaparwa : Djk. Gantjaran
   1. Pandawa main dadu karo Kurawa. (Judistira mungsuh Durjudana) nganggo totohan : banda, bala, sadulur, slira, Drupadi.
   2. Drupadi digawé wirang, mahanani ngalamat ora betjik: Drupadi sasedulur kepeksa diluwari saka paukuman.
   3. Main dadu kapindoné : Pandawa karo Drupadi dibuwang 12 t. (13 t).
   4. Durjudana madeg ratu.

III. Aranyakaparwa: Djk. Gantjaran
   1. Nitipaké: Kunti, Subadra lan putra2.
   2. Uripé sarana mbebedag.
   3. a. Ardjuna nglakoni tapa olèh "Pasopati", sarta bisa munggah ing kaindran.
      b. Sawisé ngasoraké Niwata-kawatja, bandjur kagandjar : makuta, kotang wadja, bendé Dewadatta.
      c. Drupadi kadusta ing ratuning bgs. Sindu, katututan ing Bima ketjandak, diapura.



      d. Bareng wis 5 t.. Ardjuna bali menjang Artja - pada.
   4. Tapané Ardjuna kamot ing buku Arjunawiwaha.

IV. Wirataparwa: Djk. Gantjaran
   1. nDelikaké gegaman, bandjur budal golèk pandelikan mènjang Wirata.
   2. Judistira mémba2 brahmana (Kangka).
      Bima : dadi tukang olah2 sarta djago adu wong (Ballawa).
      Ardjuna dadi djuru lénggot bawa (Wrehanala).
      Nakula minangka gamel (Grantika).
      Sadéwa tukang angon sapi (wedus) djenengé Tantripala.
      Drupadi dadi tukang borèh sarta gawé lenga wangi (Malini = Sairindri).
   3. Gantjaran saka Wirata : Wanamarta, Mamenang, Madukara.
   4. Patiné Kitjaka.
   5. Merangi Kurawa (kasaran).
   6. Abimanju daup karo Utari.

V. Udyogaparwa : Djk. Gantjaran
   1. Rebutan Kresna supaja mbijantu ing Perang Bratajuda.
      a. Ardjuna olèh Kresna minangka kusir.
      b. Durjodana olèh bala Gopa tjatjahé 1000.000. (tukang angon radjakaja).
   2. Kresna dadi duta.
   3. Amba nitis.
   4. Udyogaparwa tumurun dadi lakon wajang : Kresna gugah.

VI. Bhismaparwa: Djk. Gantjaran
   a) 1. Bhisma madeg sénapati.
   2. Bantèng kaju gawéané Sandjaja gawé mirisé pradjurité Judistira.
   3. Ardjuna ketaton, samar atiné mungguh pungkasaning prang, dadi kendo atiné.
   4. Kresna njerep-njerepaké. (Bagawatgita).

5. Ardjuna natoni Bhisma sarta bandjur kadjoroga-ké saka rata.

5) Bhismaparwa wis ditjitakaké mawa pratélan basa Walanda déning Prof.Dr.J.Gonda.

VII. Dronaparwa: Djk. Gantjaran
1. Drona madeg sénapati.
2. Patining Abimanju déning Djajadrata.
3. Djajadrata sabalané ( Jaksohini=1.530.900) dipatèni Ardjuna.
4. Patiné Drona.
5. Patiné Gatotkatja.

VIII. Karnaparwa : Djk. Gantjaran
1. Karna madeg sénapati.
2. Salya minangka kusiré Karna.
3. Judistira mèh kapaténan déning Karna. Ardjuna mapagaké Karna.
4. Bima matèni Duçasana, bandjur kaujup getihé.
5. Patiné Karna déning Ardjuna.

IX. Salyaparwa : Djk. Gantjaran
1. Salya madeg sénapati.
2. Salya prang nitih rata.
3. Patiné Salya déning Judistira.
4. Sakuni tiwas déning Sahadéwa.

X. Gadaparwa : Djk. Gantjaran
1. Perangé Bima karo Durjudana (Perang-gada).
2. Bima ngremuk pupuné Durjudana.

XI. Açwathamaparwa: Djk. Gantjaran
1. Aswatama njidra Pandawa ing wajah bengi.
2. Drestadjumena pinudju turu kaplènèt ing si-kilé Aswatama tumeka ing pati.
3. Anaké Drupadi lima sarta Srikandi pada tan-dang, uga dipatèni.
4. Durjudana petjat njawané. (sawisé tampa palapurané Aswatama).
5. Aswatama disotaké Kresna nglambrang 3000 taun.
6. Utari ketiban pusakané Aswatama.



XII. Stripralapaparwa : Djk. Gantjaran
1. Para èstri metu saka kuta prelu njidekahi kang pada tiwas ing papranganı.
2. Bima mèh kena kapiting déning Dretarastra, nanging Kresna gawé éntan2 Bima saka wesi, diremet dadi awu.
3. Kresna disotaké Gendari bakal njures sanaké déwé.
4. Judistira djumeneng nata.

XIII. Çantikaparwa(=Çasanaparwa ?): Djk. Gantjaran
1. Pandawa kawedjang bab ngèlmu pangadilan.
2. Bhisma tumeka ing djandji. (58 dina sawisé ketaton). Ragané kaobong.

XIV. Açwamedaparwa: Djk. Gantjaran
1. Sadurungé sesadji djaran, djaran mau digiring mider2 ngliwati negara2 sing tjedak. (ditutaké Ardjuna).
2. Ratu2 sing kliwatan kudu saguh mèlu ndjenengi sesadji djaran mau !
3. Anaké Djajadrata mati kagèt bareng krungu jèn sing ngawal Ardjuna. (Surata).

XV. Açramawasaparwa : Djk. Gantjaran
1. Dretarastra, Gendari, Kunti, Sandjaja, Widura manggon ing alas Kuruksetra.
2. Dretarastra, Gendari lan Kunti pada nemahi pati, amarga kobong (ing Ganggadwara). Widura lan Sandjaja pada nglakoni semèdi.
3. Pandawa njidekahi kang pada nemahi pati.

XVI. Mausalaparwa: Djk. Gantjaran
1. Samba njoba kasektèné para resi: Wiswamitra, Kanwa, Narada sarana étok2 nggarbini.
2. Samba nglairaké baji wudjud gada wesi, dire-muk déning Kresna kabuwang ing segara, tukul dadi alang2.
3. Nalika kulawarga Jadawa pada kerengan, kabèh pada mbodoli alang2 malih gada kanggo gre-djègan.

4. Baladéwa djiwané dadi naga njemplung ing segara.
5. Kresna kena panahé grema dikira kidang, bandjur muksa.

XVII. Prasthanikaparwa : Djk. Gantjaran
1. Pandawa nusup ing alas manèh arep ngunggahi gunung Himalaya.
2. Ing dalan gegamané ditjemplungaké ing segara. (pakoning Agni).
3. Tekan ing segara wedi pada nglakoni " tapa sirna". Wasana Drupadi, Sadéwa, Nakula, Ardjuna lan Bima pada nemahi pati, amarga pada nduwèni dosa.
4. Judistira munggah swarga ngadjak asuné kepetuk bt. Indra. Asuné malih bt. Dharma.
5. Judistira takon marang padunungané sadulur-saduluré.

XVIII. Swargarohanaparwa: Djk. Gantjaran
1. Judistira kepetuk Durjudana ana ing swarga.
2. Kepetuk sadulur2é ana ing neraka.
3. Ora gelem lunga2 jèn sadulur2-é ora munggah swarga.
4. Sanalika neraka malih dadi swarga.

8. Kunjarakarna: Djk. Gantjaran
1. Djaman : Dharmawangça.
2. Djuru ngarang : -
3. Isi : a. Jaksa Kundjarakarna ndjaluk ruwat, sowan batara Wairotjana.
b. Kadawuhan njumurupi kaanané neraka: Weruh kawah lagi diresiki bakal kanggo njiksa Purnawidjaja, mitrané.
c. Kundjarakarna karo Purnawidjaja bebarengan maguru marang Wairotjana.
d. Kundjarakarna lestari bisa ruwat. Purnawidjaja mung 10 dina ing neraka, bandjur bisa bali urip manèh ketemu garwané: Kusuma Gandawati.



4. Kaprotal nganggo basa Walanda déning Prof.Dr. Kern.

9. Ardjunawiwaha: Djawa kuna. Kekawin
1. Djaman : Airlangga (1019-1042).
2. Djuru ngarang : mpu Kanwa.
3. Isi : a. Ardjuna tapa ngupaja gegaman kanggo perang Bratajuda.
b. Kelakon diparingi gegaman "Pasopati" déning bt.Siwah.
c. Sawisé ngalahaké Niwatakawatja, bandjur kadjumenengaké Prabu Kariti sarta daup karo dèwi Supraba (wiwaha).
4. Wis naté katjitakaké nganggo aksara Djawa déning Dr. Friederich.

10. Krĕsnāyana: Djk. Kekawin
1. Djaman : Pr.Warsadjaja ing Kediri ± 1104.
2. Djuru ngarang : mpu Triguna.
3. Isi : a. Rukmini ( Kundina). dipatjangaké karo Suniti (Tjèdi).
b. Rukmini karoibuné milih Kresna.
c. Lagi ramé2-né midadarèni Rukmini lolos saka pradja karo Kresna.
d. Suniti mati ing peperangan. Rukma (saduluré Rukmini diuripi). Kresna lestari bisa daup karo Rukmini.
4. Buku Hariwangça isiné mèh nunggal misah karo Kresnayana. Jèn ing padalangan Kresna Kembang (Narajana maling).

11. Sumanasāntaka: Djk. Kekawin
1. Djaman : Pr. Warsadjaja (Kediri).
2. Djuru ngarang : mpu Manoguna.
3. Isi : a. Dèwi Harini nggoda tapané Pr.Trenawindu kesiku, bandjur nitis dadi Indumati (Widarba).
b. Indumati disajembarakaké ketjekel sang Adja, putrané Pr.Ragu.

c. Sang Adja gumanti ing keprabon.
Peputra: <u>Dasarata</u>.
Indumati muksa sawisé Herada nibakaké kembang.
d. Dasarata djumeneng nata. Sang Adja munggah swarga kumpul karo Harini.
4. Metik babon: <u>Raghuwangça</u>. (Sanskrit)

12. <u>Smaradahana</u>: Djk. Kekawin
1. Djaman : Kaméswara I ing Kediri (1115-1130).
2. Djuru ngarang : mpu Dharmadja.
3. Isi : a. Bt. Çiwa tapa digoda bt.Kamadjaja saka pakoning bt.Indra.
(Kaéndran diganggu Nilarudraka).
b. Kamadjaja kobong, amarga dipandeng Çiwa. Ratih mèlu béla obong.
c. Çiwa karo Uma kelakon peputra Ganeça, kang bandjur bisa numpes Nilarudraka sabalané.
d. Kamadjaja Ratih wekasané nitis ing Prabu Kaméswara sagarwa.
4. Lajang Smaradahana ngluhuraké Kaméswara I.

13. <u>Bhomakawaya</u>: Djk. Kekawin
1. Djaman : Kaméswara (Kediri).
2. Djuru ngarang : -
3. Isi : a. Samba nglurug merangi buta2 balané Bhoma. (ing kaéndran).
Buta2 pada kasoran.
b. Samba nemu pratapané Dharmadéwa karo Jadnjanawati (garwané).
c. Samba kèlingan jèn Dharmadéwa iku sadjatiné sliranè déwé, mulané bandjur gandrung2 marang Jadnjanawati.
d. Samba nglurugi Bhoma sing mengku Jadnjanawati, dadi prang.
Jadnjanawati ketjekel manèh.
e. Samba dadi ngengleng.
Bhoma kelakon dipatèni Kresna, mulané Samba lestari daup karo Jadnjanawati.
4. Proefschrift Dr.Teeuw 1946.



14. <u>Bhāratayudha</u>: Djk. Kekawin
1. Djaman : Pr.Djajabaja ing Kediri (1130-1160).
2. Djuru ngarang : mpu Sedah lan mpu Panuluh.
3. Isi : a. Perangé Pandawa karo Kurawa rebutan negara.
b. Kurawa kasoran.
4. Katjarita mpu Sedah rumangsa ora tegel nulis lelakoné sang Prabu Salya, mulané ora dibatjutaké. Sing nerusaké pangarangé mpu Panuluh (1157).
5. Lajang tjap2-an aksara Djawa t.1903 saka rékané Dr.Gunning.
6. Bratajuda bangunan jasané Jasadipura I tembangé matjapat.
7. Lajang Bhāratayudha isiné njakup limang parwa : Bhismaparwa, Dronaparwa, Karnaparwa, Salyaparwa (Gadaparwa) lan Aswathamaparwa.

15. <u>Hariwangça</u> : Djk. Kekawin
1. Djaman : Pr.Djajabaja (Kediri).
2. Djuru ngarang : mpu Panuluh.
3. Isi : a. Kresna nedya mbradat dèwi Rukmini ing Kundina.
b. Pr.Djarasanda kepéngin ndaupaké Rukmini karo Pr.Tjedya (Tjedi).
c. Rukmini kepéngin daup karo titising Wisnu.
d. Kresna kirim kembang karo lajang rumpakan lantaran Prijambada, Rukmini gandrung.
e. Barong arep didaupaké karo Tjedya, Rukmini lan Krésna lolos ing wájah bengi.
f. Djarasanda cs. ditulungi Pandawa perang karó Dwarawati.
g. Kresna malih Wisnu (Ardjuna ija malih Wisnu).
Bima, Nakula, Sadéwa, Baladéwa pada mati, nanging diuripaké manèh déning Wisnu.
h. Kresna lestari daup.

4. Blegeré pada karo tjarita Kresnayana mung béda ritjikané. (tandingen !).
5. Wis naté kapretal nganggo basa Walanda déning Dr.Teeuw.

16. Gatotkacaçraya : Djk. Kekawin
1. Djaman : Pr.Djajakreta ing Kediri (1188).
2. Djuru ngarang : mpu Panuluh.
3. Isi : a. Abimanju (katitipaké ing Dwarawati) kepéngin daup karo St.Sundari (wis kebatjut dipatjangaké karo Laksmana Mandrakumara ).
b. Nalika lagi semadi diwedjang Kamadjaja sarta bandjur diparingi kembang kanggo ndjaga keslametan.
c. Abimanju bisa mandjing ing patamanan, konangan, ditundung (kadèrekaké djuru Dyah).
d. Kepetuk buta loro katur batari Durga arep dipangan ora sida, malah dikon nggawa menjang Purabaja metuki Gatutkatja.
e. Abimanju digawa mabur Gatutkatja metuki St.Sundari. Wasana loro2-né kapurih minggat nggegana.
f. Gatutkatja malih pangantèn wadon. Brådjadenta (Anaké Baka) malih pangantèn lanang gapjuk2-an pada ngarah patiné, karoné badar.
g. Kurawa perang kåro bala Dwarawati, kasoran.
h. Abimanju lestari daup karo St.Sundari.
4. Empu Panuluh anggoné ngarang Gatotkacaçraya wis tuwa.

17. Wrettasantjaja : Djk. Kekawin
1. Djaman : Kediri pungkasan.
2. Djuru ngarang : mpu Tanakung.
3. Isi : a. Piwulang tembang kekawin sawatoné pisan sarta djeneng2-é mawa tjonto 94 warna dadi kaja candakarana.



b. Dongèngé putri ditinggal kakungé, ndjaluk pitulungané mliwis sadjodo nggolèki kakungé mau.
c. Tjarita rerengganing alas lsp.
4. Kapretal ing basa Walanda (aks.Djawa) déning Prof.H.Kern t. 1875.

18. Lubdhaka : Djk. Kekawin
1. Djaman : Ken Arok (Singasari).
2. Djuru ngarang : mpu Tanakung.
3. Isi : a. Djuru mbebedag kewengèn, mènèk wit madja kang manglung ing sendang.
b. Kanggo njlamur ngantuké, bandjur metiki godong madja katjemplungaké ing sendang nibani linggané batara Siwah. (pinudju Siwah-ratri).
c. Esuké bali mulih nglantung baé.
d. Suwéning-suwé djuru mbèbedag lara tumeka ing pati. Majité diobong.
e. Njawané dadi rebutan. Jamadipati arep narik njawané menjang neraka, nanging dibélani Siwah, lestari munggah swarga.
4. Tanakung anggoné ngarang tjarita mau mung arep golèk pendok marang Ken Arok.
5. Tjarita Lubdhaka minangka pungkasaning tjarita golongan kuna. (babon saka tjarita Indu).

19. Brahmandapurana : Djk. Kekawin
1. Djaman : -
2. Djuru ngarang : -
3. Isi : a. Pada karo Brahmandapurana gantjaran.
b. Njèbut ratu putri: Sri Prakrètiwirja.
4. Wis katjitakaké mawa aksara Latin déning Prof.J.Gonda.

20. Kundjarakarna : Djk. Kekawin
1. Djaman : } Ora kasumurupan
2. Djuru ngarang : }
3. Isi : Ora béda karo sing gantjaran.
4. Basané apik banget.

21. Nagarakrĕtagama : Djk. Kekawin
   1. Djaman : Hajam Wuruk ing Madjapait (1350-1389).
   2. Djuru ngarang : mpu Prapanca (1365).
   3. Isi : a. S.Prabu tedak menjang Blambangan konduré mampir Singasari.
      b. Djadjahan Madjapait.
      c. Topografie Madjapait.
      d. Tatananing nagara Madjapait.
      e. Bab slametan.
      f. Agama Siwah - Buda.
      g. Sedjarah Singasari lan Madjapait.
      h. Tjaritané Gadjah Mada.
   4. Kena kanggo antjer2 ndapuk sedjarah.
   5. Wus kapretal mawa basa Walanda déning Prof.Kern (aksara Latin).

22. Arjunawijaya : Djk. Kekawin
   1. Djaman : Hajam Wuruk (wis tuwa).
   2. Djuru ngarang : Tantular.
   3. Isi : a. Perangé Dasamuka karo kakangé, Waisrawana (Dhanaradja).
      b. Perangé Dasamuka mungsuh Ardjunasasrabahu nganti tumekané kapikut.
   4. Petikan saka lajang Uttarakanda.

23. Sutasoma : Djk. Kekawin
   1. Djaman : Hajam Wuruk.
   2. Djuru ngarang : mpu Tantular.
   3. Isi : a. Sutasoma titisané hyang Buddha.
      b. Mungkur ing kadonjan.
      c. Lolos saka pradja: kepetuk buta endas gadjah, naga, kabèh dadi murid.
      d. Kepetuk matjan arep mangan anaké. Sutasoma masrahaké pati uripé kanggo sesulihé anaké.
      e. Matjan keduwung dadi susah. Sutasoma diuripaké manèh déning bt. Indra.



      f. S.Pr.Purusadasanta tjaos dahar bt.Kala ratu 100, ora kresa dahar: Mundut ratu Ngastina (Sutasoma).
      g. Purusada perang karo Sutasoma. Sutasoma kasoran katur, lega lila dipangan waton ratu 100 kaluwaran.
      h. Batara Kala rena, Purusada trenjuh, mrètobat.
   4. Tjarita Sutasoma uga tinemu ing Ramayana lan Mahabharata.
   5. Pamentjaré agama Buda.

24. Parthayadnya : Djk. Kekawin
   1. Djaman : Madjapait pungkasan. (barakané lajang Sutasoma).
   2. Djuru ngarang : -
   3. Isi : a. Pandawa disija-sija Korawa, bandjur kudu nglakoni paukuman buwang.
      b. Ardjuna budal tapa (saka pakoné Judistira) kepetuk dèwi Çri, wahjuning kràton Indraprastha, Ardjuna kawedjang.
      c. Kepetuk Kamadjaja, Ardjuna uga diwedjang.
      d. Tekan pratapané bagawan Wyasa, Ardjuna diparingi piwulang sarta pituduh dunungé Indrakila. Ardjuna wiwit tapa.
   4. Wosé mung isi piwulang lan rerenggan nalika Ardjuna budal tapa.

25. Nitiçastra : Djk. Kekawin
   1. Djaman : Madjapait pungkasan.
   2. Djuru ngarang : -
   3. Isi : a. Bab wisa :
      Sinau kawruh iku bisa tumrap wong kesèd.
      Pakumpulan iku wisa tumrap wong mlarat.
      b. Bab isi :
      Djun sing ora kebak iku kotjak-katjik.
      Sapi sing swarané gedé, peresané setitik.

Wong ala rupané, akèh polahé lan swa-
rané.

c. Bab kabisan :
Wong sugih jèn ora duwé kapinteran ,
surem ulaté.

4. Nitiçastra t.1871. (R.Ng.Ranggawarsita) ba -
boné: Nitiçastra Cohen Stuart.
Dapukan : Kawi - djarwa-surasa.
Ana unèn2-é : Sura sudira djajanikang rat
syuh brasta tĕkaping ulah darmartuti = Sura
dira djajaningrat lebur déning pangastuti.
(Witaradya).
5. Misuwur ing kalangan kedjawan djaman Surakarta.
6. Kawi miring karangan Jasadipuran I.
Kawi - djarwa karangan Jasadipuran II.
Nitiçastra kapretal mawa basa Walanda déning
Prof.Dr.Purbatjaraka.

26. Nirarthaprakrĕta : Djk. Kekawin
1. Djaman : t.1459 (Kidul Surabaja pradikan
Kantjana).
2. Djuru ngarang : -
3. Isi : Piwulang.
a. Njritakaké wataké wong betjik.
b. " " " ala,
gawéné mung nenatjad, nggolèki ala-
ning lijan, alané déwé diumpet -
umpetaké.
c. Bab ngèlmu tuwa.
(kasampurnan).
4. Wis kapretal mawa basa Walanda.
(Prof.Dr.Purbatjaraka ?).

27. Dharmaçunya : Djk. Kekawin
1. Djaman : 1382/1418 (Boy/1340 ç).
2. Djuru ngarang : -
3. Isi : Mystiek Meru (Piwulang).
a. Sipat kasar sarta alusing
bt. Siwah awudjud donja, gunung
Himalaya, meru (Bali) lan manungsa
(djagat tjilik).



4. Malinatha, guru tukang mentjaraké wedjangan
mystiek Meru.

28. Hariçraya : Djk. Kekawin
1. Djaman : Sad sangandjala tjandra = 1496 ç =
1574.
2. Djuru ngarang : -
3. Isi : a. Sadulur telu: Mali, Sumali, Malyawan
pada dadi ratu luwih kuwasa, arep ngen-
dih kaéndran.
b. Bt. Indra minta sraja marang bt.Wisnu.
c. Mali lan Malyawan tiwas, Sumali ndelik
ing dasaring segara.
4. Lajang Djawa-kuna sing pungkasan.
5. Petikan lajang Uttarakanda.

DJAWA-TENGAHAN.
(gantjaran).

29. Tantu Panggelaran : Djawa-tengahan(Djt.) Gantjaran
1. Djaman : mumbul2-é Madjapait.
2. Djuru ngarang : pandita dusun.
3. Isi : a. Batara Guru nitahaké manungsa ing ta -
nah Djawa, katuntun déwa2.
b. Tn.Djawa gondjang-gandjing, ditjibloki
gunung2 (Lawu, Wilis, Kelut, Semèru lsp.).
c. Bab grahana.
d. Batara Wisnu tumurun ing tn.Djawa dadi
ratu : Kandiawan, nurunaké: Mangukuhan,
Sandanggarba lsp.
e. Bab empu Tapawangkeng ngendeg srengé-
ngé, utangé dibajari sang Prabu.
4. Tantu Panggelaran ana djumbuhé karo lajang2 ba-
bad. (Mĕdang Kamulan, Mĕdang Panataran; bt.Guru
dadi ramané Brahma, Wisnu, Içwara lsp.).
5. Proefschrift Dr.Th.Pigeaud.

30. Tjalon-arang : Djt. Gantjaran
1. Djaman : mumbul2-é Madjapait.
2. Djuru ngarang : Patuté wong Bali.

3. Isi : a. Mpu Baradah duda duwé anak wadon Wéda - wati, rabi manèh. Wédawati manggon ing kuburané ibuné.
   b. Tjalon-arang randa ing Girah, duwé anak wadon: Retna Manggali ora paju omah2. Tj.arang panas atiné, neluhi wong sana- gara.
   c. Sang Prabu Erlangga ndjaluk pitulung ma- rang mpu Baradah njirnakaké Tjalon-arang bisa kelakon.
   d. Pamaroné kratoné Erlangga (kanggo pu - trané loro) déning mpu Baradah.
4. Balai Pustaka ngetokaké lajang Tjalon-arang basa Djawa. (tembang karangané P.Wiradat).

31. Tantri Kamandaka : Djt.

Gantjaran

1. Djaman : mumbul2-é Madjapait.
2. Djuru ngarang : -
3. Isi : a. Ratu saben bengi krama prawan tulèn, prawan sanagara nganti entèk.
   b. Dyah Tantri (anak patih) ndongèngi sang Prabu nganti kesengsem banget, mari ang- goné karsa rabi saben bengi.
   c. Prabu Aridarma (sadjroné dongèng) pinu- dju mbebedag nggitik ula wadon (putri naga) kang lagi sakloron karo ula asor, bandjur wadul marang wong-tuwané.
   d. Naga bapakné njatakaké menjang kraton, njatané anaké sing salah. S.Prabu ditjaosi kawruh bisa ngreti gunemé kéwan.
   e. S.Pramèswari motah njuwun diprasadjani, apa sababé S.Prabu toka ngguyu. Panjuwuné ora kelakon. Pramèswari (Maja- wati) pilalah mati bong.
4. Baboné : Pancatantra-Sanskrit saka Indu.
5. Kapretal ing bs.Walanda déning Dr.[illegible].

32. Korawaçrama : Djt.

Gantjaran

1. Djaman: Madjapait. (Barakan karo Tantu Pangge- laran).



2. Djuru ngarang : -
3. Isi : a. Kebatinan.
   b. Korawa diuripaké manèh minangka pama - lesé marang Pandawa. (Durung nganti ma- les, tjaritané wis tjutel).
4. Luwih enom katimbang lajang Tantu Panggelaran. (Hjang Taja dumunung saduwuring batara Guru).
5. Proefschrift J.L.Swellengrebel (1936).

33. Pararaton : Djt.

Gantjaran

1. Djaman : Madjapait pungkasan.
2. Djuru ngarang : -
3. Isi : a. Lelakoné Ken Arok wiwit sadurungé lair nganti tumekané dadi ratu. (tjikal - bakalé para ratu ing Madjapait).
   b. Kraton Madjapait wiwit dumadi nganti tumekané mèh rusak.
   c. Lelakoné R.Widjaja.
4. Kalah adji karo Nagarakrtagama.
5. Katjitakaké déning Dr.Brandes nganggo pratélan basa Walanda.
6. Sing dapur kidung durung rampung.
7. Rm.Ngabehi Hangkudimedja ngetokaké nganggo basa Djawa-anjar (Weton Balai Pustaka) 3 djilid.

## DJAWA-TENGAHAN
(Kidung)

Tembang Gedé

34. Déwaruci : Djt.
1. Djaman : (ora kasumurupan).
2. Djuru ngarang : (ora kasumurupan).
3. Isi : a. Bima nggebjur ing segara (rerengganing samodra).
   b. Perang karo naga : Nabatmawa. Naga mati.
   c. Bima mandjing ing gawa-garbaning Déwa- rutji, kawedjang. (tjutel).
4. Lajang Déwarutji sing tuwa déwé.

5. Basané : Djawa-tengahan, nanging tembangé Çloka (sapupuh) karo Tembang gedé. Kabèh mau tanpa guru lan lagu.
6. Wis katjitakaké (1940) mawa pertalan basa Walanda (Prof.Dr.Purbatjaraka ?).

35. Sudamala : Djt.                                    Kidung
1. Djaman : -
2. Djuru ngarang : wong padésan. (dong-dingé: mangké, mangko).
3. Isi : a. Dèwi Uma kena ing soting batara Guru dadi batari Durga ing Sétra Gandamayu. (Sadéwa sing bakal ngruwat).
   b. Sadéwa didjaluk déning sang batari , Kunti ngulungaké. (disusupi sétan wadon: Kalika).
   c. Batari Durga lestari karuwat déning Sadéwa (saka pakoné bt.Guru).
4. Tjarita bab ngruwat. (uga pangruwaté buta loro: Kalantaka lan Kalandjaja, badar dadi widadara karuwat Sadéwa).
5. Proefschrift : Stein Callenfels.

36. Kidung Subrata : Djt.                                    Kidung
1. Djaman : Tiga-rasa-dadi-djalma=1463 Ç(1541).
2. Djuru ngarang : Ora kasumurupan.
3. Isi : a. Ki Subrata golèk sampurnaning urip.
   b. Luputa ring lara roga, nirmala waluya djati, luputa ring baja pati.
4. Tembangé matjapat ana sing aran: Pamidjil.

37. Pandji Angrèni : Djt.                                    Kidung
1. Djaman : Guna paksa kaswareng rat = 1723 Ç = 1801 (Anggoné nurun).
2. Djuru ngarang : -
3. Isi : a. R.Pandji daup karo Angrèni tumekané daup karo Tjandrakirana.
   b. Ratu Nusa-kentjana nglurugi R.Pandji nedya ngrebut Tjandrakirana Ratu N.Kentjana tiwas ing paprangan. Adiné (titising Angrèni) kadadèkaké sidji (déning Narada) karo Tjandrakirana.
   c. Bambang Swatama (anak pandita) sasedulurè 13 sarta sadulur wadon sidji aran Bikang Murdéja, mémba2 dadi R.Pandji nglurug menjang kratoné R.Pandji, dadi perang kembar2-an, kalah, badar, pada mati. Bikang Murdéja kaselir R.Pandji.
4. Manut Prof.Dr.Purbatjaraka pérangan b.c. ing duwur kuwi wudjud susulan. Pérangan a.ketara asliné (urip gegambarané).
5. Basané Djawa-tengahan tjèngkok Surabaja Gresik.
6. Lajang Pandji kang dumadiné ing djaman Madjapait-Tengahan misuwur banget, ndjalari ananè warna2-ning dongèng Radèn Putra ing Djenggala. Uga ndjalari kèhing lajang Pandji ing tn.Bali, Melaju, Sijem lan Kambodja.
7. Sapérangan wis naté katjitakaké déning Prof. Roorda lan Dr.Gunning.

38. Sri Tandjung : Djt.                                    Kidung
1. Djaman : Barakan karo lajang Pandji.
2. Djuru ngarang : -
3. Isi : a. Satrija Sidapaksa kautus ratu sing didèrèki ngupaja tamba marang bagawan Tambapetra. Sidapaksa kepéntjut Sri Tandjung, bandjur digawa mlaju.
   b. Sang prabu Sulakrama kepéntjut karo Sri Tandjung. Sidapaksa kautus menjang swarga nagih mas lan benang, purihé bèn mati déning para déwa. (Disangoni kotang antakusuma déning garwané tinggalané Sadéwa gandjaran saka batara Durga).
   c. Sri Tandjung dipatèni Sidapaksa, nanging bandjur diuripaké batari Durga bali menjang Prangalas.
   d. Sidapaksa dadi ngengleng saka pakoné bt.Durga bisa kepetuk Sri Tandjung, bali daup sawisé matèni prabu Sulakrama.

4. Batjuté tjarita Sudamala.
5. Kalumrah ing Banjuwangi lan Bali.
6. Proefschrift Dr.R.Prijana (Leiden 1938).

## DJAMAN ISLAM.
## (Djawa-antara).

39. Hit boek van Bonang : Djt. Gantjaran
1. Djaman : Islam.
2. Djuru ngarang : Sn.Bonang ?
3. Isi : a. Bab agama Islam.
b. Pangéran iku anané mung sidji, Mahasutji, Mahaluhur.
4. Basané tjéngkok Arab lan tjéngkok Mlaju. (ana pon = adapun).
5. Proefschrift Dr.B.J.O.Schrieke ing Leiden 1916.

40. Een Javaans Geschrift uit de 16 eeuw: Djt. Gantjaran
1. Djaman : Islam.
2. Djuru ngarang : -
3. Isi : a. Bab agama Islam.
b. Isarating imam : asih ing Pangéran, asih ing Nabi, asih ing Wali lsp.
c. Wangsulané baginda Ali : atining wong munapèk kliwat atos saka watu; ratu kang kaniaja kliwat panas saka geni lsp.
4. Proefschrift Dr.H.Kraemer taun 1921 ing Leiden.

41. Suluk Sukarsa: Djt. Çloka
1. Djaman : Islam.
2. Djuru ngarang : golongan wali2.
3. Isi : a. Pada karo isiné lajang Déwarutji mung bédané Islam karo dudu. Ki Sukarsa minangka sesulihé Bima.
b. Ki Sukarsa dennja "lajar" nganggo prau: sabar drana, diwelahi: nijat donga, margané tekèng makripat tan étung pati urip.
4. Çlokané tanpa guru lan lagu.

42. Kodja-djadjahan: Djt. Tembang (Matjapat)
1. Djaman : Islam.



2. Djuru ngarang : -
3. Isi : a. Kodja-djadjahan (patih) bekti banget marang ratuné ing Mesir, ngibadah, adil, witjaksana. Disihi ing ratuné.
b. Saking djailé para panggedé lijané, Kodja-djadjahan dipatèni, metu kramaté. Sang Prabu séda ngenes.
4. Basané apik. Tembangé mligi Dandanggula 169 pada.
5. Panuruné ana ing Panaraga.
6. Baboné panggawéné ana ing Giri. (Parwata) ulekaning Islam kang kawitan.

43. Suluk Wudjil: Djawa-anjar ? Tembang
1. Djaman : Islam.
2. Djuru ngarang : Sn. Bonang.
3. Isi : a. Wedjangané Sn. Bonang marang Wudjil (wong tjébol) tilas kalangenané ratu Madjapait.
b. Wedjangan bab ngèlmu kabatinan : supaja weruhi uripé sarana nenepi.
4. Tembangé: Tembang gedé (Açwalalita) anané mung sapada isih mawa guru lan lagu.
Tembangé Midjil ija sapada.
Lijané : Dandanggula.
5. Panuruné ing djamané S.Pr.Séda Krapjak.

44. Suluk Malang-sumirang: Djs Matjapat
1. Djaman : Demak.
2. Djuru ngarang : Sn. Panggung.
3. Isi : a. Sn.Panggung kapatrapan paukuman mlebu tumangan ora bisa kobong.
b. Kawruh kasampurnan.
c. Pasemoné wong kang nggondèli sarak.
4. Barakan karo Suluk Wudjil.

45. Nitiçruti : Dja. ? Tembang
1. Djaman : Séda Krapjak.
2. Djuru ngarang : Pangéran Karanggajam.
3. Isi : a. Kekendelan.
b. Kudu ngreti sakabèhing basa.
c. Kudu ngreti sakabèhing kawruh.

d. Tulada : Patih Kodja-djadjahan.
e. Nistå, madya, utamaning sudjana, sudagar lan durdjana.
f. Hastabrata.
g. Lakúné Sénapati ing paprangan.
4. Mawa tjandrasangkala : sarasa sinilem ing djaladri-bahni-mahastra-tjandra=1534 Ç (1612).
5. Nitisruti Pasar-kliwon mratélakaké jèn Nitisruti kuwi gawéan djaman Padjang.
6. Wis naté katjitakaké mawa aksara Djawa : kuwi - djarwa - surasa.

46. Nitipradja : Dja. Tembang
1. Djaman : Sultan Agung.
2. Djuru ngarang : Sultan Agung.
3. Isi : a. Wulang wuruk marang para luhur bab pangolahing pradja sarta pangemongé marang kawula.
b. Pratélan bab Kodja-djadjahan.
4. Tetembungané akèh sing niru Nitisruti.
5. Mawa sengkalan :
Geni-rasa-drija-éka = 1563 Djawa=1641 Masèhi.

47. Sastragending : Dja. Tembang
1. Djaman : Sultan Agung.
2. Djuru ngarang : Sultan Agung.
3. Isi : a. Djumbuhing kawula Gusti.
b. Lir minå djro samudra, mina aran gendingé, samodra sastrané.
Minå jekti ananja saking djaladri.
c. Lir nijaga nabuh gending: nijaga sastranira, gending jekti gendingira.
d. Kaja naréndra Kresna karo batårå Wisnu, iku ngibarat loro-loroning åtunggal, tunggal tjipta-sarasa saurip, hjang Wisnu upama sastra, Kresna upama gending.
4. Ditulis nganggo aksara Djawa, adapur tembang matjapat (Sinom).



48. Sewaka : Dja. Tembang
1. Djaman : Amangkurat II (1699).
2. Djuru ngarang : -
3. Isi : a. Tjarané ngawula adja njimpang ing warah lan wuruk sarta adja lali ing tata.
b. Setya tuhu kudu dèn antepi.
c. Taberi ing gawé bakal luhur dradjaté.
4. Mawa sengkalan: djalma-paksa-wajang-buwana = 1621 Djw. = 1699 Masèhi.
5. Basané betjik, ora kakéhan tjéngkok.
6. Wis naté katjitakaké déning J.A. Wilkens mawa aksara Djw. kapretal pisan nganggo basa Walanda (1851).

49. Ménak-Kartasura : Dja. Tembang
1. Djaman : P.B. I (Kartasura).
2. Djuru ngarang : Tjarik Narawita (sing nurun) saka dawuhé garwa P.B. I.
3. Isi : a. K.N. Muhammad ndangu baginda Abas bab lelakoné baginda Ambjah.
b. Wong Agung Ménak tansah memungsuhan karo prabu Nurséwan (Madajin). Dadi genahé wong Islam mungsuh kapir.
c. Wong Agung Ménak dadi mantuné prabu Nurséwan. Sang prabu perangé pidjer kalah waé, mulané bandjur ndjaluk pitulungané ratu lijané, sing bandjur kalah perangé mandjing agama Islam. W.A.Ménak mesti olèh pitulungané adiné ratu sing kalah mau, mandjing garwå. Nangkono sabatjuté.
4. Babon saka Parsi, dadi lajang Malaju: Hikajat Amir Hamzah, bandjur lagi dadi Ménak Djawa.
5. Dapukané pada karo lajang Pandji.
6. Rèhning tjritané disenengi wong akèh, mulané ndjalari ananė Ménakpang pirang2.
7. Pambangun lijané : Jasadipura ± (djaman Surakarta).

50. Rengganis : Dja. Tembang
1. Djaman : Kartasura.
2. Djuru ngarang : Ranggadjanur.

3. Isi : a. Dèwi Rengganis, putriné pandita ing Argapura, gawéné nesep maduning kembang. Sabané ing patamanané (Bandjaran-sari). Pangéran Kélan putrané W.A. Ménak.
   b. Pg.Kélan (wis didaupaké karo dèwi Djulusul-asikin, nanging ora gelem atut) kédanan karo Rengganis nganti kaja wong ngengleng.
      Rengganis gelem daup, waton dimaru karo dèwi Kadarmanik, putri ratu Mukadam (Kadarmanik uga wis didaupaké karo R.Hirman, nanging ora gelem atut).
   c. Pg. Kélan digawa mabur menjang Argapura.
   d. W.A.Ménak utusan Umarmaja nggolèki Pg. Kélan. Saka piduduhé Seh Dul Kurès, Umarmaja kapurih ndjudjug ing Mukadam.
   e. Umarmaja keturon kadckep Madjusi, panggedéné bala retja wesi, bandjur katjemplungaké ing sumur.
   f. Kadarmanik susah nganti-anti tekané mitrané jaiku Rengganis.
      Rengganis kelakon bisa tetemon karo Kadarmanik, bandjur dirimuk sarana akal2-an, supaja gelem daup karo Pg.Kélan.
   g. W.A.Ménak karo bala Arab kanti pitulungané Kuraisin, putriné, nglurug menjang Mukadam dadi prang ramé.
      Umarmaja bisa ketulungan mentas saka sumur. Pungkasané bala Mukadam kasoran. Ratuné mandjing agama Islam.
   h. Nurséwan (ratu Madajin) mlaju menjang Nusantara, ndjaluk tulung karo prabu Kendit Birajung, ing tembé dadi prang kaja sing wis2.
4. Lajang Rengganis njéngkok lajang Pandji, mulané ija disenengi wong akèh.

51. <u>Manikmaja</u> : Dja. Tembang
   1. Djaman : Kartasura.
   2. Djuru ngarang : Kartamursadah.



3. Isi : a. <u>Hyang Wisésa</u> maneges karsa kaleksanan endog katjipta dadi: <u>bumi-langit</u>, <u>tédja lan tjahja</u> sarta kateluné dadi <u>Manik</u> lan <u>Maja</u>.
   b. Manik dadi batara Guru, Maja dadi Semar.
   c. Batara Kala tansah ngojak-ojak dèwi Sri.
   d. Batara Kala kotjap mungguhing pangruwatan.
   e. Tn.Djawa isih gondjang-gandjing.
   f. <u>Empu Sangka</u> (ing lajang lijané dadi Adji Saka) mandjing agama Islam <u>njakabat marang nabi</u>.
4. Kabèh mau sing akèh petikan saka lajang Tantu Panggelaran.
5. Wis kapretal ing basa Walanda déning C.F.Winter.

52. <u>Ambija</u>: Dja. Tembang
   1. Djaman : Kartasura ?
   2. Djuru ngarang : -
   3. Isi : a. <u>Gusti Allah</u> nitahaké donja: <u>Tjahja</u> dadi <u>sosotya</u> disik -bandjur <u>banju</u> - <u>untuk</u> - <u>langit pitu lan bumi pitu</u>.
      b. Dumadiné Adam lan Kawa, kagoda ing Iblis.
      c. Tumurun ing donja, peputra saben salairan metu dampit.
         Adam karsané: putrané sing betjik kudu daup karo sing ala, nanging Kawa karsané: sing betjik oléh pada betjik, ala pada ala.
      d. Nabi Adam nglairaké <u>nabi Sis</u> tanpa ibu.
      e. Nabi Adam sinau njambut gawé diréwangi malaékat Djabarail mandé, gawé prabot2 lsp.
      f. Nabi Adam digentèni nabi Sis - Idris - Nuh - Ibrahim - Ismangèl.
4. Tjekaké lajang Ambija iku njritakaké lelakoné para nabi uga dumadiné banju djandjam.
5. Lajang Ambija iku kagolong tjarita Arab, lebuné ing tanah Djawa kira2 sakiwa-tengené Mataram (bareng karo tjarita Ménak).

53. Kanda : Dja. Tembang

1. Djaman : Kartasura.
2. Djuru ngarang : -
3. Isi : a. Nabi Adam wis peputra akèh.Putrané sing betjik rupané bakal kadaupaké karo sing ala. Kawa karepé béda: betjik olèh be - tjik, ala olèh ala.

   b. Kabil (putrané Adam) ngrebut bakal djodoné saduluré.
   Dadi muridé Iblis (sing ngaku Gusti Allah djedjuluk Manikmaja) bandjur tansah ndjaili sadulur2-é.

   c. Nabi Sis (putrané Adam) dedunung ing Mekah digentèni sang Awas, putrané, kang bandjur dadi ratu.

   d. Nurtjahja (putrané nabi Sis lijané) kena pangudjuk - udjuké Manikmaja.
   Nurrasa, putrané Nurtjahja, merangi Mekah arep dikapiraké, nanging balané Nurrasa kasoran.

   e. Nurtjahja turun-tumurun dadi : Nurrasa - Hj.Wenang karo Hj.Tunggal (Semar).
   S.Hj.Wenang nurunaké: Sambu (batara Guru), Sinta lan Landep.

   f. Lakon wajang : Ardjunasasra lan Rama. (Rama petikan Hikajat Seri Rama. Ja Rama lajang Kanda iki sing bandjur dadi Rama Madura lan Rama Ngajogja).

   g. Lakon wajang sing lumrah2 (disenengi wong akèh).

4. Manik lan Maja ing lajang Manikmaja dadi batara Guru karo Semar.
   Ing lajang Kanda : Manikmaja iku djedjuluké Iblis.
5. S.Hj.Wenang, Hj.Tunggal lan batara Guru didunungaké sangisoré nabi Adam.



SARASILAH

Lajang Kanda :




DJAMAN SURAKARTA.
(Djawa-anjar)

54. Mintaraga : Tembang(Matjapat).

Djaman : P.B.III (1749-1788).
Djuru ngarang : A, P.B.III (1749-1788).

3. Isi : a. Ardjuna (sang Parta) tapa ing gunung Indrakila bisaa olèh kadigdajan nglebur sawarnaning satru sekti.

   b. S.Parta diminta-sraja déwa2 njirnakaké Niwatakawatja ing Imantaka, awit nedya ngrabaseng Suralaja, nanging nganggo ditjoba disik mungguh kaantepaning tapa - brata.

   c. Bareng wis tita kaantepan saha sedya - nijaté, bandjur kaparingan "Pasopati" sarta katimbalan menjang Kaéndran.

   d. R.Ardjuna kadawuhan nelik menjang nagara Imantaka nganggo kanti dèwi Supraba. Niwatakawatja konangan pangapesané.

e. Nalika nglurug menjang Kaéndran kena djemparing "Pasopati" (ngenani putjuking ilat) mati kapisanan.
f. S.Danandjaja sinengkakaké ing ngaluhur nggentèni batara Indra abebisik prabu Kariti sarta bandjur kawiwaha daup karo widadari pepitu pepetingan ing Suralaja.
g. R.Ardjuna bali menjang Martjapada kaparingan djemparing "Pasopati" sarta kréta manik nawa retna.

2. Babon saka Ardjunawiwaha Djawa-kuna, karanganè mpu Kanwa.

B. Jasadipura I. (pudjangga: 1729 - ± 1830)

55. Déwarutji : Tembang
1. Isiné :
a. Radèn Wrekudara puruhita marang Dang Hjang Drona kapatah ngupaja tirta pawitra sutjining urip ketemu ing gunung Tjandramuka.
b. Lakuné Bima tekan ing Tjandramuka ketemu karo raseksa Rukmuka lan Rukmakala dadi pantjakara. Buta loro mau badar dadi batara Baju karo batara Indra. Bima dikon bali.
c. Bima diprasadjani déning Drona, jèn ketemuné tirta pawitra sutjining urip ing telenging segara. Bareng nggebjur ing segara, kasander ing ula gedé dadi pantjakara. Ula mati katjubles ing kuku pantjanaka.
d. Sasirnaning ula, Bima ditemoni Déwa badjang jaiku Déwarutji.
Bima kapurih mandjing liwat kuping, bandjur disurup-surupaké sakabèhing wewarnan kang dinulu sarta kawedjang bab sangkan paran, apadéné bab pamoring Kawula Gusti.
Séna katrem ora gelem bali, nanging dipenggak déning Déwarutji.
e. Pungkasané kawedjang bab mati sadjroning urip, urip sadjroning mati, bandjur metu saka guwagarbaning Déwarutji, kepetuk karo kadang2-é.



2. Déwarutji tembang gedé panggawéné sawisé Déwarutji matjapat.
3. Ana manèh Déwarutji karanganè M.Ng.Kramaprawira. (Madijun).
4. Déwarutji karanganè M.Ng.Mangunwidjaja (Surakarta) nganggo diwerdèni. (Déwarutji winardi) adapur matjapat.
5. Manut Dr.Prijahutama. Déwarutji iku dapukan lan owah2-an saka lajang Djawa-kuna aran: Nawarutji karanganè mpu Siwahmurti.

56. Panitisastra : Tembang
1. Isiné : pada karo Nitiçastra Djawa-kuna kekawin kasebut ngarep.
2. Jasané Jasadipura I saka basa Kawi didadèkaké Kawi-miring.
Déné sing djarwa jasané Jasadipura II.

57. Tadjusalatin : Tembang
1. Isiné :
a. Tingkah lakuné manungsa meruhi awaké déwé tumekané meruhi Hjang Widi.
b. Uripé manungsa ing donja tumekané akérat.
c. Nista-madya-utamaning ratu.
d. Lelakoné para pandita.
e. Ngèlmu pijapat lan Wirasating djanma.
f. Kabèh ana 23 bab.
2. Babon saka basa Mlaju : Mahkota segala radja2.
3. Kawetokaké ing taun 1922 N.V. Albert Rusche & Co.

58. Tjebolèk. Tembang
1. Isiné :
a. Tjaritané kadji Mutamangkin alias Tjebolèk ngrusak sarengking agama, ngingu asu lsp., bandjur digugat ngulama2 satanah Djawa. Karampunganè prakara ki Tjebolèk dispura déning pradata (Kartasura) amarga wis gelem tobat.
b. Lajang Déwarutji, Wiwaha lsp. uga dadi rembug kanggo prabotir ukara. Samono uga Pangéran Mangkubumi kotup anggoné seneng tapa.

2. Manut pangandikané Prof.Dr.Purbatjaraka lajang Tjebolèk kuwi urip lan tjeta anggoné nggambarakė si - dji2-né prijaji.
3. Lajang Tjebolèk kuwi dudu bangunan, nanging jasan anjar.

59. Ambija. - Tembang
   1. Isiné :
      a. Pada karo lajang Ambija kasebut ngarep.
      b. Klèbu bangunan mawa sengkalan: djanma tri goraning adji = 1731 Djawa.
   2. Wis naté ditjitakaké mawa aksara Djawa.

60. Babad Gijanti. Tembang
   1. Isiné :
      a. Sapindahé kraton Kartasura menjang Surakarta, pangéran Mangkubumi ngraman, awit lenggahé lemah disuda akèh banget, bandjur perang mungsuh kraton Surakarta.
      b. Akèh pangéran sing pada mbélani. Samono uga Pangéran Mangkunegara didadèkaké Sénapatiné. Nalika pisah malah dadi mungsuh.
      c. Mangkubumi tjaraning prang sarana neluk2-aké tanah mantja-negara sarta pasisir.
      d. Wasana tanah Djawa bandjur kaparo disek sèni Kumpeni. Pangéran Mangkubumi djumeneng nata ing Ngajogjakarta adjedjuluk K.S.Hamengku Buwana I. Saka pamrajoganė Kumpeni, K.G.Mangkunegara supaja teluk marang Surakarta, kelakon, bandjur djumeneng M.N.I.
   2. Basané urip kaja lajang Tjebolèk.
   3. Wis ditjapaké aksara Djawa.(H.Buning: 4 djilid. Balai Pustaka : 22 djilid).
   4. Kena kanggo antjer2 ndapuk sedjarah Indonesia.

61. Babad Prajut. Tembang
   1. Isiné :
      a. K.Sultan ing Ngajogjakarta (M.B.I) megataké putriné, sing dadi garwané K.P.H. Mangkunegara I, amarga M.N.I ora kersa ngajom marang Ngajogjakarta.



      b. Dadi perang tjilik2-an, tjorok-tjinarok lemah bawah Ngajogjakarta lan Surakarta. Sirepé, amarga dirukunaké para luhur Djawa karo Gupermèn.
   2. Basané uga urip kaja lajang Babad Gijanti utawa Tjebolèk.
   3. Babad Prajut durung tau ditjapaké.
   4. Dadi batjuté lajang Babad Gijanti.

62. Babad Pakepung. Tembang
   1. Isiné :
      a. I.S.P.B.IV ngingah wong kang dianggep sekti ajenengé 1. R.Santri, 2. Pangéran Panengah, 3. R.Kanduruhan, 4. R.Wiradigda, 5. Kjai Bahman lan 6. Kjai Nursalèh. Iku ndjalari ribedé Gupermèn karo kraton Ngajogjakarta.
      b. Tjekaké Surakarta bandjur kakepung barisan saka Ngajogjakarta, Gupermèn lan Mangkunegaran.
      c. Wusanané wong nenem mau kapeksa kabesta kapasrahaké Gupermèn ing Batawi.
   2. Basané urip lan tjeta.
   3. Déning Jasadipuran I sing kaanggep sétan papat jaiku : Panengah, Wiradigda, Bahman karo Nursalèh.

63. Wiwaha Djarwa. Tembang
   (Isiné pada karo Mintaraga).

64. Lajang Rama. Tembang
   1. Isiné :
      a. Sarasilahé Dasamuka :
         Bagawan Wisrawa peputra: Dasamuka, Kumbakarna, Sarpakanaka. Telu pisan wudjud raseksa. Waru - djuné awarna manusa, bagus rupané jaiku Wibi - sana.
      b. Prabu Dasarata ing negara Ngajodya peputra 4 : Ramabadra patutan karo dèwi Sukasalya, R.Brata patutan karo dèwi Kékaji, déné R.Leksmana lan R.Trugna patutan karo dèwi Sumitra.
      c. Rama kapintasraja déning bagawan Mitra lan Jogiswara njirnakaké buta2 kang pada ngrusak pratapané, kelakon.
      d. Rama ngleboni sajembara ing Mantilidiradja

nganti kelakon daup karo putri Mantili.
e. Kaprabońé Rama karebut dèwi Kékaji kanggo Brata, Rama ngalah sumingkir menjang Dandaka kadèrèkaké Sinta lan Laksmana.
f. Sinta kadusta Dasamuka, kapapakaké ing taman Argasoka dikantèni Tridjata.
g. Kanti pitulungané Sugriwa lan Anoman, Sinta kelakon karebut bali kalawan perang, Dasamuka tumeka ing pati.
h. Sinta kabojong menjang negara Ngajodya, Wibisana gumanti dadi ratu ing Ngalengkadiradja.
2. Lajang Rama Jasadipuran iku isiné pada karo lajang Ramayana Djawa-kuna, bédané mung ana wiwitané tanpa njritakaké sarasilahé Dasamuka (Djk.). Wondéné Ramayana Walmiki (basa Sansakarta) isiné mawa wuwuhan : Sinta katundung saka kraton, nglairaké putra lanang kembar Kusa lan Lawa (Uttarakanda); bareng arep katimbalan bali, bandjur kaakebing bumi (dèwi Pretiwi).
3. Lajang Rama wis kaetjapaké aksara Djawa lan Latin. Lajang Rama Jasadipuran mawa sengkalan : Sirnèng tata pandita siwi. (panggawéné).
4. Manut Prof.Dr.Purbatjaraka, Lajang Rama iku kena diarani betjik2-ing lajang ing djaman saiki.

SARASILAH

Ayodya

Dasarata
↓ Ramawidjaja → Barata → 1. Leksmana 2. Trugna

Ramawidjaja
↓ Ramabatlawa (Lawa)
→ Prabu Kusija (Kusa)



LOKAPALA

Pr.Sumali
↓
Wisrawa x Dèwi Sukèsi
↓
1. Dasamuka
2. Kumbakarna
3. Sarpakanaka
4. Wibisana

65. Bratajuda. Tembang

1. Isiné :
a. Prabu Kresna menjang Ngastina, ngrembug pamaroning lemah, ora olèh gawé.
b. Pandawa sarta Korawa karo wadyabalané budal menjang Tegal Kuru. Perang Bratajuda wiwit: Séta sasedulur tiwas.
c. Bisma dadi sénapati mati déning Srikandi, digentèni Drona.
Angkawidjaja mati dikrubut Korawa.
d. Gatutkatja metukaké dipati Karna, tiwas.
Sapatiné Drona déning Drustadjumena, dipati Karna madeg sénapati ajon2-an karo Ardjuna, sénapati Pandawa. Karna tiwas kena gegaman pasopati, digentèni Salja, mati déning Kalimasada.
e. Sujudana perang tanding karo Wrekodara kena gada pupuné kiwa ambruk, bandjur diudani gada sakatogé nganti remuk awaké, pungkasané dadi lajon.
Aswatama njidra Drustadjumena lan Srikandi ing pasanggrahan, djemparingé Tjundamanik ka-

djaluk dipasrahaké Ardjuna.
f. Prabu Kresna ndjumenengaké nata prabu Judistira ing Ngastina.
2. Baboné ndjupuk Kekawin Bharatayuddha dadi bangunan, malah wis tau kadapuk ing tembang gedé.
3. Sing dapur gantjaran wis tau kawetokaké déning Balé Pustaka (1937). Sing nggantjarakė R.Ng.Kartapradja, tulisané Latin.
4. Bratajuda iku dadi patiné tjarita Mahabarata, ngemot 5 parwa : Bhismaparwa, Drunaparwa, Karnaparwa, Salyaparwa lan Açwathamaparwa. (parwa ka VI tekan X).

66. <u>Ménak.</u> Tembang
1. Isiné : pada karo Ménak Kartasura, mung baé kapara montjèr.
2. Tjap2an G.C.T. Van Dorp & Co metu 8 djilid.

Ç. <u>Jasadipura II</u> ........ - 1844 (séda).
Putra Jasadipuran I.
Lajang2 jasané :

67. <u>Panitisastra.</u> Tembang
1. Isiné : pada karo Nitiçastra Djk.
2. Panitisastra jasan Jasadipuran I lan II iku ora kasumurupan kalajan tjeta mungguh pilah2é, awit pudjangga loro mau pada déné ndjarwakaké lajang Nitiçastra.
3. Panitisastra sing dipretal Dr.Mounier ngemot 10 pupuh = 143 pada (Pupuh ka - 9 tembangé Djuru-demung).
4. Ana manèh Panitisastra sing ngemot pupuh Dandang-gula tok = 97 pada.

68. <u>Sasana Sunu.</u> Tembang
1. Isiné : (piwulang), wong urip kudu éling marang 12 bab :
a. Tinitah dadi manusa déning Allah.
b. Jèn pinaringan sandang pangan.
c. Jèn anggoné golèk sandang pangan mau metus tapak tangané déwé.
d. Jèn kadawuhan Islam manut kangdjeng Nabi Muhammad.



e. Jèn kudu ngenggoni samadya ing bab panganggo lan pakareman.
f. Jèn wong memitran kekantjan lsp. kuwi kudu mawas2.
g. Mangan, turu, mlaku, lelungan kudu mung saprelu.
h. Ngurmati tamu kudu samurwaté.
i. Wetuné tjatur utawa pikiran kudu nganggo duga2 lan prajoga.
j. Dadi wong gedé utawa tjilik kudu ngenggoni tatanan, resikan, temen lan petung.
k. Sudaning dradjat amarga saka kamélikan lan ora antepan ing ati.
l. Kudu njumurupi obah osiking djagat.
2. Manut ngandikane Prof.Dr.Purbatjaraka piwulang ing Sasana Sunu karo ing Ramayana wis njukupi banget kanggo sanguning urip.
3. Mawa tjandrasangkala : Sapta tjatur swareng djanmi= 1747.

69. <u>Witjara keras</u> (piwulang warna2). Tembang
1. <u>Isiné</u> :
a. Wateké witjara keras nangèkaké napas, sétané kekintil. Udjar ririh manis, ora nangèkaké napas, sétané mlaju ngentir.
Wong sabar bisa ngundjara sétan.
b. Jen kawulané sisip dèn intjih, pesating njawa ora kena ing duraka.
Gedé2-né duraka wong nggegampang pati.
Gedé2-né gandjaran wong nguripaké wong mati, ngapura marang wong sisip.
c. Akèh wong ngaku-aku :
Ngaku anak pudjangga ora weruh <u>pa</u> sidji.
" " pandita, ora karem ing lapa.
" " radja nalaré kudu patitis.
d. Supaja ngkad marang wewatekan lan lelabuhané para satrija ing wajang : Suwanda, Dasamuka, Pandawa lsp. apa dene ratu2 kang misuwur : Sultan Agung, Mangkubumi lsp.

2. Panggawéné ing sasi Djumadilawal ping 16 t.1747 Djw.

70. Ardjunasasra.

1. Isiné : Tembang
   a. Resi Wiswara nggarwa bakal mantuné (Sukèsi).
   b. Perangé Dasamuka karo kakangné: prabu Waisrawana (Dhanaradja).
   c. Perangé prabu Dasamuka mungsuh Ardjunasasrabahu nganti kapikuté Dasamuka.
2. Babon saka : Ardjunawidjaja Djkuna.
3. a. Tanpa nganggo sedjarah.
   b. Tanpa ana tjritané Sugriwa Subali.
4. Bédané karo baboné mung dumunung ing resi Wisrawa déné nganggo nglakoni ala ngrabi bakal mantuné.

71. Kawi Dasanama.

1. Isiné : Gandjaran
   a. Pratélan tembung2 sing pada tegesé (sinonim) kajata : manusa, djanma, djalma ; ratu, prabu, katong, naréndra ; srengéngé, diwangkara, bagaskara, surja ; rembulan, sitaresmi, sasangka, sasadara lsp.
   b. Unda-usuking pepangkatan tumrap kapanditan kajata : tjantrik, tjèkèl, putut, manguju, djanggan, wasi, adjar, pandita.
2. Ana sing mratélakaké, jèn sedjatiné lajang kasbut dudu karangané Jasadipuran I.I.

P.B.IV : 1788 - 1820.

Lajang jasané sing wis tjeta wudjud piwulang.

72. Wulangrèh :

1. Isiné : Tembang
   a. Wong ngudi sampurnaning urip kudu kalajan nggeguru sarta kedu pilih2 guruné.
   b. Adja ambek adigang-adigung-adiguna, nanging nganggoa ambek duga lan prajoga.
   c. Sembah 5 prakara : marang rama-ibu, mara tuwa, sadulur tuwa, guru lan Gusti.
   d. Tjaraning ngawula ratu adja nggunggung diri, adja seneng nenatjad, adja seneng memaoni.



   e. Tjatjad 4 prakara : wong madati, wong botohan, wong durdjana, wong ati sudagar ala.
   f. Karukunan : adja kaja tjaritané Kaluwak, jen isih nom pada kumpul, nanging bareng wis tuwa pada pisah2.
   g. Netepi saréngat sarta kudu ngerti djedjering uripé.
   h. Sing sregep ngangsu kawruh lan ngèngètana lelabuhané para luhur ing kuna2.
   i. Piwulang tumrap kaputrèn bab apala-krama.
2. Tulisané Pégon, asli saka Prijangan. Wis kaetjapaké mawa aksara Djawa.
3. Misuwur tumrap wong Surakarta mirangka ular2 suwita ana ing kraton.

73. Wulang Sunu : Tembang

Nunggal misah karo lajang Wulangrèh kasebut duwur.

P.B.V : 1820 - 1823.

74. Tjentini.

1. Isiné :
   a. Lelakoné Ki Sèh Amongraga. Sabedahé kraton Giri, ana putra telu lolos jaiku : Djajèngresmi, Djajèngsari, lan Rantjangkapi (putri).
   b. Djajèngresmi maguru Kjai Karang, ngalih aran Ki Amongraga.
   c. Amongraga lelana, sabandjuré bisa ketemu karo sadulure kabèh.
   d. Dongeng mau kerep diselani piwulang bab kasuksman.
   e. Ana manèh kang kamot ing lajang Tjentini :
      1. Ngelmu pétungan.
      2. Kawruh tembang gedé.
      3. " djamu2 lan tamba2.
      4. Pétungan naasing dina.
      5. Bab rukun Islam.
      6. Tontonan, slametan, trebangan, sulapan.
      7. Kawruh sengkalan, wewatekan, tjandra, karawitan.
      8. Pétungan durdjana.